



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN TRAVAY POU OGMANTE  
KAPASITE EPI RANFÒSE SEKIRITE EXPRESSWAY LONG ISLAND LAN**

***Pwojè 19.7 milyon dola a ap pwolonje ranp soti ak antre yo epi ajoute nouvo vwa  
segondè nan Queens***

***Yo pral akòde pwojè siplenantè sezon otòn sa pou ranplase pavman Interstate la  
nan Konte Suffolk***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse travay yo te kòmanse sou pwojè pou amelyore sekirite epi fasilite konjesyon sou tout Expressway Long Island (Interstate 495) lan nan Long Island. Konstriksyon an te kòmanse sou yon pwojè 19.7 milyon dola k ap alonje twa liy akselerasyon ak twa liy ralantisman. Y ap ajoute twa liy segondè tou ant 48th Street ak Little Neck Parkway nan Queens k ap amelyore sikilasyon an epi bay chofè yo plis espas pou soti epi antre nan otowout la.

Y ap bay kontraktè yo de pwojè siplemantè, ki vo plis pase 80 milyon dola, nan fen sezon otòn sa k ap ranplase apeprè 461 km liy pavman sou pati kle nan Expressway Long Island lan nan Konte Suffolk, k ap amelyore mobilite pi plis sou tout atè jounalye ke plizyè santèn milye chofè fè deplasman sou li chak jou ant Long Island ak Vil New York.

"Investisman nan enfrastrikti transpò eta nou an enpòtan pou ekspansyon kontini yon ekonomi k ap pwospere." **Gouvènè Hochul te deklare**, "Modènizasyon nesèsè sa yo ap fasilite konjesyon epi ranfòse sekirite sou tout koridò sikilasyon ki pi chaje nan Eta New York."

Nan kad pwojè Queens lan, ranp soti ak antre yo ap elaji pou apeprè 370 pye. Lòt amelyorasyon sou sekirite yo enkli atenyatè enpak sikilasyon (kousen chòk) ki fèt pou diminye domaj kolizyon pou estrikti, machin ak chofè nan sèt sòti ak twa ranp antre. Anplis, y ap enstale nouvo siy makè yo sou kolòn pon ak mi yo oswa toupres sou tout wout la pandan tout limit pwojè yo epi y ap plase nouvo makè ki reflechi yo sou yon segman koub toupres Utopia Parkway pou amelyore vizibilite pou chofè yo.

Pwojè a ap enstale nouvo ray pou gide oswa baryè an beton ki gen makè ki reflechi nan chak nouvo akselerasyon, ralantisman, ak plas liy segondè. Y ap ranplase tou twa nouvo estrikti ansèy ayeryen nan direksyon lwès Expressway Long Island nan Exit 22B

(College Point Boulevard), Exit 23 (Main Street), ak nan kote direksyon lès la nan Exit 24 (Kissena Boulevard).

Liy akselerasyon yo ap pwolonje nan kote sa yo sou tout expressway la nan Queens:

- Ranp antre nan direksyon lès la nan Kissena Boulevard.
- Ranp antre nan direksyon lès la nan Utopia Parkway.
- Ranp antre nan direksyon lwès la nan Utopia Parkway.

Liy ralantisman yo ap pwolonje nan kote sa yo sou tout expressway la nan Queens:

- Ranp nan soti ki nan direksyon lwès pou Kissena Boulevard (Exit 24).
- Ranp nan soti ki nan direksyon lès la pou Utopia Parkway (Exit 25).
- Ranp nan soti ki nan direksyon lwès la pou Francis Lewis Boulevard (Exit 28).

Y ap konstui liy segondè nan direksyon lwès apati ranp antre Main Street la nan ranp soti College Point Boulevard (Exit 22B) epi soti nan ranp antre Kissena Boulevard rive nan ranp soti Main Street (Exit 23). Y ap konstui yon vwa segondè nan direksyon lès apati ranp antre Main Street la rive nan ranp soti Kissena Boulevard (Exit 24). Yo prevwa pou travay la fini nan ete 2023.

Nan fen sezon otòn sa, y ap bay de kontra pou renouvle apeprè 461 kilomèt liy pavman sou tout LIE la nan Konte Suffolk apati Lin pou ale nan Route 112 Nassau/Suffolk la.

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Sekirite piblik k ap vwayaje a se premye priyorite nou nan Depatman Transpò Eta New York la, epi pwojè sa yo ap ede fasilite sekirite depasman sou atè enpòtan sa. Eta New York angaje pou rekonstui enfrastrikti nou pi byen pou kreye yon rezo transpò ki pi rezistan ki reponn ak demann 21yèm syèk la epi pèmèt kominote nou yo fleri."

**Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards Jr. te deklare,** "Sekirite jeneral ri nou yo ak modènizasyon enfrastrikti transpò ansyen nou an ale men nan men. Pwojè enpòtan sa ap abòde toulede, epi Queens rekonesan pou investisman konsekans eta a nan reòganizasyon ki tèlman nesèsè a nan Expressway Long Island lan. Nou pa ka tann pou asire yon depasman ki pi sekirize, pi fasil pou sila k ap kondui yo."

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Pwojè sa ap kontribye anpil pou ogmante sekirite sou wout la sou tout pati nan otowout enpòtan sa. Nou apresye ke Eta New York reponn apèl nou pou ede kenbe rezidan yo an sekirite pandan y ap sikile nan koridò enpòtan sa nan peyi nou an."

**Reprezantan Grace Meng te deklare,** "Mèsi a Gouvènè Hochul poutèt li kontinye investi nan wout lokal ak otowout nou yo ki enkli atè enpòtan sa ki sèvi distri kongrè mwen an ak rejyon nou an. Lè nou modènize epi amelyore enfrastrikti ki ansyen nou yo

sa vital pandan n ap chèche rekonstui pi byen epi mwen pa ka tann pou travay sa k ap amelyore depasman ak sekirite pou chofè yo."

**Senatè Jim Gaughran te deklare,** "Mwen kontan ke Gouvènè Hochul te angaje pou finanse repavman Expressway Long Island lan, yon jwenti ki vital nan enfrastrikti rejyon nou an. Mizajou sa yo ap bay pasaje Long Island yo wout ki pi swa ak yon konduit ki pi sekirize. Mèsi Gouvènè Hochul."

**Senatè Alexis Weik te deklare,** "Mwen te pale ak DOT a, sou bezwen enpòtan pou repave LIE la, e anons jodi a se yon premye etap enpòtan pou asire ke sa fèt. Sekirite chofè nou yo primòdyal epi mwen kontan ke DOT ap repave LIE la—yon majorite ladan l ap fèt nan 3yèm Distri Sena a—yon priyorite."

**Manm Asanble Mike Fitzpatrick,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li fè repavman wout ki pi frekante nan Long Island lan yon premye priyorite nan nouvo administrasyon li an. Mwen konnen li apresye epi li bay soutyen pou kenbe wout nou yo pi sekirize ke posib. Pwojè sa ap amelyore sekirite pandan l ap bay travay pou kontraktè wout Long Island nou yo, ki se mechè nan biznis lan."

**Manm Asanble Phil Ramos te deklare,** "Minisipalite yo konte sou finansman eta a pou repare wout yo. Gras ak Gouvènè Hochul, repavman ak sifas ki te dwe fèt lontan an sou pye nan Expressway Long Island lan. Klima ki varye New York la rann reparasyon wout ki frekante yo nesèsè epi mwen kontan ke enfrastrikti Konte Suffolk la ap amelyore."

**Manm Asanble Keith Brown te deklare,** "Mwen vle remèsye Administrasyon an ak Komisè DOT a paske li tandè siplikasyon nou epi paske li avanse pwogramasyon pavman LIE la soti nan Exit 47-65 pou repare kondisyon ki pa sekirize pou otomobilis ak chofè moto yo. Nou kontan pou n wè sa fèt. Li te dwe fèt deja!"

**Manm Asanble Doug Smith te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York paske yo akselere repavman LIE ki tèlman nesèsè a. Mwen kontan ke yo te koute enkyetid rezidan ak ofisyèl lokal yo epi mwen enpasyon pou wè pwojè sa fini."

**Manm Asanble Jodi Giglio te deklare,** "Repavman an ap rann depasman sou LIE lan sekirize epi l ap kenbe fanm ak gason k ap travay yo okipe pou ane k ap vini yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak NYSDOT paske n a fè pwojè yo t ap tann lontan sa reyalize."

**Manm Asanble Joe DeStefano te deklare,** "DOT eta a k ap fè pwogrè nan apèl d'òf pou refè sifas LIE la pa t ka vin bonè ase. Sa se yon wout vital pou Long Island epi yo dwe konsève li byen. Eta a dwe respekte kalandriye ak pwosesis apèl d'òf la epi pou travay la fèt. Sekirite ak byennèt ekonomik plizyè milyon moun depann de li."

**Manm Konsil Karen Koslowitz te deklare,** "Sa ankourajan pou konnen Gouvènè Hochul rekonèt ke Queens gen pwoblèm ak sistèm otowout ateryèl li a, epi Gouvènè a angaje pou bay chofè Queens yo yon trajè ki gen plis sekirite epi ki pi swa."

**Manm Konsèy Paul A. Vallone te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman li nan sekirite atravè envestisman ki tèlman nesèsè sa yo nan emelyorasyon trafik sou LIE a. Sekirite te toujou premye priyorite mwen epi mwen kontan pou wè Queens nan rada Gouvènè a pandan l ap soti eta nou annan pandemi an epi antre nan yon nouvèl avni ki briyan."

**Manm Konsèy, Barry S. Grodenchik, te deklare,** "Nan yon moman kote trafik ap rive nan nivo oswa depase nivo rekò nan rejyon an, pwojè enpòtan sa ap amelyore sekirite chofè yo isit la nan Queens ak pou tout moun ki deplase sou atè enpòtan sa."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418